# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

मध्य प्रदेश क मुख्यमंत्री डॉक्टर मोहन यादव एमपी–यूपी सहजोग सम्मेलन में हिस्सा लेवे बदे आजु वाराणसी पहुंचलें। एयरपोर्ट से उहां के सोझे काशी विश्वनाथ मंदिर पहुंचलीं आ ओइजा उहां के बाबा विश्वनाथ क दरसन–पूजन कइ के विश्वनाथ धाम कॉरिडोर क भ्रमण कइलीं। येह मौका पर संवाददाता लोगिन से बतियावत डॉक्टर यादव कहलें कि वाराणसी जइसन धारमिक जगहिनि पर बढ़ियां प्रबंधन आ सुविधा के जरिये लोगिन के जिनगी में सकारात्मक बदलाव ले आवल जा सके ला। महाकालेश्वर मंदिर के महाकाल रूप क उदाहरण देत उहां के बतवलीं कि एकरे लोकारपण के बाद उज्जैन क अर्थव्यवस्था में बड़हन बदलाव आइल हौ।

**धार्मिक पर्यटन से भी बहुत सारा बदलाव की संभावना है माननीय प्रधानमंत्री जी के आर्शीवाद से हमारे बाबा महाकाल के महालोक लोकार्पण के बाद उज्जैन की पूरी इकोनॉमी बदली है। ऐसे में काशी विश्वनाथ धाम पर भी उनके इस काशी विश्वनाथ बाबा के कॉरीडोर बनने के बाद यहां भी बदलाव आया। धीरे धीरे जब यात्री संख्या बढ़ रही है बडे पैमाने पर हमारे सभी प्रकार के मत मतांतर के आनंद के साथ विकास की नई इबारत लिखि जा रही है।**

मुख्यमंत्री डॉक्टर मोहन यादव बतवलें कि एमपी–यूपी सहजोग सम्मेलन के जरिया से मध्य प्रदेस आ उत्तर प्रदेस के बिच्चे धारमिक जगहिनि क व्यवस्था के ले के अनुभवन क आदान–प्रदान कइल जाई जेहसे कि सरधालुअन के बढ़ियां सुविधा उपलब्ध करावल जा सके। उहां के कहलीं कि अब राज्यन के बिच्चे प्रतिस्परधा के जगहि पर सहजोग क दौर हवे। मध्य प्रदेस सरकार, उत्तर प्रदेस सरकार से मिलि के कई गो परियोजना पर कार कइ रहलि हौ।

वाराणसी में आजु एमपी–यूपी सहजोग सम्मेलन क समापन भइल। एहमें दुन्नो राज्यन के बिच्चे औद्योगिक, सांस्कृतिक, पर्यटन आ ओडीओपी क्षेत्र में सहजोग के नया दिसा मिली। सम्मेलन में निवेस, कौशल विकास, हस्तसिल्प आ बजारि बिस्तार से जुड़ल कई गो महत्वपूर्ण समझौतो पर दस्खति कइल गइल।

**********

प्रदेस क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही बतवले हवें कि येह बरिस किसानन के चाना क समरथन मूल्य पछिला बरिस से दुइ सौ पचीस रूपिया प्रति कुंतल बेसी मिली। मसुरी के दालि क खरीदि तीनि सौ रूपिया प्रति कुंतल क बढ़ोत्तरी के साथे येह बरिस सात हजार रूपिया प्रति कुंतल के रेट से होई। कृषि मंत्री आजु लखनऊ के लोकभवन में रबी के फसिल क खरीदि बदे बनावल गइल पुरहर रणनीति क जनकारी देत रहलें। उहां के बतवलीं कि येह बरिस सरसो क समरथन मूल्य छौ हजार दुइ सौ रूपिया प्रति कुंतल रक्खल गइल बा जवन पछिला बरिस से दुइ सौ पचास रूपिया प्रति कुंतल बेसी बा। श्री शाही बतवलें कि प्रदेस सरकार के खास अनुरोध पर भारत सरकार क कृषि आ किसान कल्याण मंत्रालय रबी विपणन सीजन दुइ हजार छब्बीस बदे मूल्य समर्थन योजना के तहत दलहन आ तिलहन क सरकारी खरीदि के औपचारिक मंजूरी दे दिहले हौ।

**********

केन्द्र सरकार बिहने से सुरू हो रहल जनगणना दुइ हजार सत्ताइस क पहिला फेरा बदे तैंतीस प्रस्न अधिसूचित कइले हौ। दुनिया क ई सबसे बड़हन जनगणना दुइ फेरा में करावल जाई। पहिला बेरि जनगणना डिजिटल रूप से करावल जाई। स्व–गणना क बिकल्पो उपलब्ध होई। जनगणना दुइ हजार सत्ताइस के तरीकन के ले के महा पंजीयक आ जनगणना आयुक्त मृत्युंजय कुमार नारायण आकाशवाणी पब्लिक स्पीक कार्यक्रम में बतवलें कि ई जनगणना पछिला जनगणना से अलगे बा। उहां के बिदेस में रहे वाले भारतीयन क येह जनगणना में भागीदारी कइले क तरीको साफ कइलीं।

***अभी जो प्रथम चरण की हम बात कर रहे हैं। प्रथम चरण बेसिकली मकानों की गणना और मकान सूचीकरण है इसमें अगर बाहर रहते हैं कोई फर्क नहीं पड़ता हम दूसरे चरण में जब एक–एक व्यक्ति की गणना कराते हैं तो उसमें जो बाहर रहने वाले हैं उनको एंबेसी के माध्यम से उनकी गणना कराने की व्यवस्था है।***

**********

महात्मा बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर में आजु तीन दिन क इंटरनेशनल बौद्धिस्ट कॉन्क्लेव क सुरूआति भइल। कॉन्क्लेव क उद्घाटन जिला क परभारी मंत्री दिनेश प्रताप सिंह कइलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में उहां के कहलीं कि कुशीनगर आजु वैस्विक बौद्ध जगत खातिर एगो खास केन्द्र के रूप में उभरि के सामने आ रहल हौ। एइजा बिकसित कइल गइल अन्तर्राष्ट्रीय एयरपोर्ट दुनिया भर क सरधरलुअन आ पर्यटक बदे उपयोगी साबित हो रहल बा। श्री सिंह कहलें कि येह कॉन्क्लेव क उद्देस्य खाली आध्यात्मिक बिमर्स ले सीमित नाहीं बा बलुक एकरे जरिया से पर्यटन आ उद्योगो के नया दिसा दिहले क कोसिस कइल जा रहल हौ। कॉन्क्लेव क सुभारम्भ कार्यक्रम में देस–बिदेस से आइल बौद्ध भिक्षु, उपासक आ सरधालु मौजूद रहलें।

**********

मीरजापुर के अहरौरा–जमुई राहि पर रोसनहार गांव के लग्गे आजु भिन्नहीं एगो मोटरसाइकिलि के तेज रफ्तार ट्रेलर के पचेटा में आ गइले से ओह पर बइठल तीनि जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल। मरे वाला रिस्ता में माइ–बेटा आ भतीजा रहलें। पुलिस से मिलल जनकारी के मोताबिक ऊ लोगि इलाज बदे घाटमपुर जात रहलें। घटना क सूचना के बाद पुलिस ट्रेलर के बरामद कइ लिहलसि जबकि डराइबर मौका से फरार हो गइल।

**********